



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

LÈT OUVÈT GOUVÈNÈ CUOMO ADRESE A TOUT ETIDYAN

“Sa a se Eta New York, se pa eta krent. Nou pap tolere lahèn oswa rasis”

Nan [Lèt li](#) adrese a etidyan yo, Gouvènè a repete angajman Eta pran pou l Pwoteje Tout Nouyòkè, Kelkeswa Diferans yo Genyen

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te voye yon lèt ouvèt bay tout etidyan nan Eta New York la apre ensidan prejije ak diskriminasyon resan yo rapòte k ap fèt nan inivèsite yo ak atravè tout eta a. Nan lèt la, Gouvènè a raple etidyan yo New York pral kontinye pwoteje tout viktim diskriminasyon yo epi fè respekte lwa estrik yo genyen an plas kont krim lahèn yo. Yo te voye lèt la bay etidyan ki nan sistèm SUNY (State University of New York) ak CUNY (City University of New York) ak inivèsite prive ki atravè tout eta a yo.

Apre valè rapò ensidan prejije ak krim lahèn lan yo vin monte pi plis, semèn pase a, Gouvènè a te voye yon [lèt](#) bay Komisè Edikasyon Eta a, MaryEllen Elia, kote l mande lekòl yo pou yo fè fòmasyon pou konbat entolerans epi pwoteje etidyan New York yo. Sou enstriksyon Gouvènè a, eta a te lanse yon liy ijans gratis pou rapòte ensidan prejije ak diskriminasyon yo. Nou ankouraje rezidan ki fè eksperyans menas ki motive pa prejije, arasman oubyen diskriminasyon yo rele nan liy ijans gratis Divizyon Dwa Imen (Division of Human Rights, DHR) an nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m., soti lendi rive vandredi. Si w vle rapòte yon krim oubyen ou gen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.

Tèks konplè lèt Gouvènè a te voye jodi a disponib [isit la](#) ak pi ba la a:

Mesaj Gouvènè Andrew M. Cuomo a

Chè Etidyan:

Apre pil diskou vye mo ki sot fèt pandan sezon kanpay la, anpil nan nou enkyè konsènan ki sa ki ka rive apre.

Kite m di nou byen klè: Sa a se Eta New York, se pa eta krent. Nou pap tolere lahèn oswa rasis.

Nou se epi n ap toujou rete yon kote moun ki soti nenpòt kote vin chache libète ak

opòtinite. Preske tout moun ki abite la ka trase rasin yo soti yon lòt kote.

Nou apresye divèsite nou an. Nou jwenn fòs nan diferans nou yo. Kelkeswa si ou omoseksyèl oswa etewoseksyèl, Mizilman oswa Kretyen oswa Jwif oswa Boudis, rich oswa pòv, nwa oswa blan oswa laten oswa azyatik, gason oswa fi, siseksyèl oswa transeksyèl, nou respekte tout moun ki nan Eta New York la yo.

Estat Libète a se yon senbòl fyète prensip Ameriken yo, epi li toujou kanpe sou pò nou an. Nou santi nou gen yon responsablite espesyal pou nou fè òf refij ak espwa li bay la vin tounen reyalyite chak jou.

Toutotan ou isit la, ou se Nouyòkè. Ou se manm kominote nou an, epi nou ap defann ou.

Eta New York la gen lwa ki estrik kont krim lahèn ak diskriminasyon epi nou fè respekte yo okomplè epi sevèman. Li ilegal nan eta sa a pou moun sibler, asele oswa diskrimine kont yon lòt moun akòz de ras, koulè, peyi orijin, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijyon, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl. Nou se yon pèp toleran, epi nou pa kapab ni nou pap kite yo ebranle libète nou.

Eta New York gen yon liy ijans gratis kote moun ka fè rapò ensidan prejije oswa diskriminasyon yo. Responsablite nou se pou nou pwoteje tout moun ki la, kelkeswa si li gen papye ou pa. Liy ijans lan ap ranfòse efò nou ap fè yo. Lè ou kontakte nou sa pap afekte estati imigrasyon w.

Nouyòkè ki fè eksperyans prejije oswa diskriminasyon yo dwe rele nan liy ijans gratis la nan **(888) 392-3644** soti 9 è a.m. rive 5 è p.m., soti lendi rive vandredi.

Si w vle rapòte yon krim oswa ou gen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.

Nouyòkè yo santi yon afeksyon patikilye pou jèn imigran yo. Pandan anpil santèn dane, eta nou an te fleri akòz enèji anbisyon jèn moun k ap chache konstwi lavi yo isit la. Entèlijans ou, kreyativite ou, ideyalis ou anrichi nou tout. Nou akeyi ou ak de bra ouvè isit la.

Sensèman,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418